



Pou Piblikasyon Imedya: 8/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 55.4 MILYON DOLA ENVESTISMAN NAN PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO NAN 8 KONTE

*Asistans finansye pral bay kapital pou ede minisipalite yo antreprann pwojè kalite dlo enpòtan ak bay soulajman enterè pou kontribiyab yo*

*Pwojè yo pral diminye risk pou sante biblik ak anviwònman an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 55.4 milyon dola nan asistans finansye pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo yo, dènye mezi ke yo pran pou amelyore sistèm dlo ak egou New York yo, diminye polisyon dlo, epi pwoteje rezèv dlo potab ki enpòtan anpil yo. Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) Eta New York la te apwouve finansman nan pri ki ba epi te deja anonse sibvansyon ki otorize aksè minisipal yo nan kapital ki nesesè pou jwenn kòmanse travay pou pwojè enpòtan pou dlo potab ak egou. Konsèy la te apwouve tou finansman alontèm nan pri ki ba pou sis pwojè ki fini, ki bay soulajman dèt atravè to enterè ki pi ba pase si minisipalite yo te prete poukонт yo.

"Tout Nouyòkè merite aksè ak dlo pwòp epi ki potab ak sistèm egou ki fonksyone byen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman 55 milyon dola sa a pral non sèlman amelyore enfrastrikti dlo nou an, men tou li pral kreye kominote ki pi an sante atravè New York. Nou pral kontinye pran mezi pou amelyore kalite dlo nou an epi sipòte yon avni ki an sante ak pwospè pou tout Nouyòkè yo."

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) la ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmeman ak pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA) la. Finansman pou enfrastrikti dlo ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bipatit federal la ap administre pa EFC atravè pwogram Fon Woulman Eta a. Vizite sitwèb EFC a pou aprann plis sou opòtinite finansman enfrastrikti dlo.

Atravè finansman sa a, EFC pral bay Otorite Finans Dlo Minisipal Albany (Albany Municipal Water Finance Authority) an yon sibvansyon ak finansman san enterè, ak fon ki soti nan Lwa federal sou Enfrastrikti Individuèl la ak yon sibvansyon eta pou

enfrastrikti dlo. Pwojè 3.75 milyon dola a pral anpeche dlo ki soti nan Rivyè Hudson antre nan enfrastrikti egou a pandan evènman gwo dlo yo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta New York Ia, Maureen A. Coleman, te deklare**, "Envestisman dirijan nasyonal Eta New York la nan enfrastrikti dlo pwòp ansanm ak finansman istorik federal ki disponib atravè Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la ap ede kominote yo gwo kou piti pou yo antreprann pwojè ki enpòtan anpil pou sante piblik, kalite lavi, ak pou pwoteksyon anviwònmantal. EFC kontan jodi a pou bay uit minisipalite ak otorite piblik yo sipò finansye ki nesesè pou ranfòse enfrastrikti dlo pwòp enpòtan an."

**Prezidan Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare**, "Amelyore, repare, ak ranplase enfrastrikti dlo a enpòtan anpil pou pwoteje kominote yo kont polisyon ki kapab danjere pou piblik la, anviwònman an ak ekonomi nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak patnè New York yo nan Washington, D.C. paske yo bay resous eta a ak resous federal ypou ede minisipalite yo pouswiv pwojè enpòtan sa yo epi asire bon jan kalite dlo New York rla ete pwoteje."

**Komisè Depatman Sante Eta New York Ia, Doktè Mary T. Bassett, te deklare**, "Envestisman enpòtan sa yo nan amelyore enfrastrikti dlo piblik eta a se yon envestisman nan sante kominote a an jeneral la. Amelyore sistèm livrezon dlo eta a ki aje a fondamantal pou pwoteje sante piblik, amelyore kalite dlo, ak pwomouvwa yon anviwonman ki an sante ak pwòp atravè New York. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman pran li depi lontan ak sipò finansye li pou amelyorasyon enfrastrikti enpòtan sa yo."

**Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare**, "Dlo pwòp epi kopotab fonfdmantal pou kominote ki an sante ak dirab. Gouvènè Hochul kontinye envesti nan enfrastrikti dlo pwòp, ki sipòte sante piblik, devlopman ekonomik ak kalite lavi atravè Eta a pou jenerasyon k ap vini yo."

**Senatè Chuck Schumer te deklare**, "Envestisman ki sible, ki efikas epi ki kreye travay ki soti nan Lwa sou Envestisman & Travay pou Enfrastrikti Bipatit la ap sikile kounye a pou amelyore vye sistèm dlo-egou yo nan chak kwen Empire State. Soti nan Vil Albany rive Oneonta, plis pase 55 milyon dola sa a pral fè amelyorasyon enpòtan nan vye enfrastrikti dlo nou, asire fanmi nou yo gen dlo potab, PFAS, epi kenbe rivyè ak lak nou yo san debòdman egou yo. Sa vle di tou travay, travay, travay, ki edifye kominote nou yo ak pwojè ki te dwe fèt depi lontan pou fè dlo New York yo vin pi an sante ak pi pwòp. Mwen fyè pou m fè envestisman federal istorik sa a pou m chanje vye enfrastrikti dlo New York".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare**, "Apre plizyè deseni neglijans, sistèm dlo nou yo nan yon eta delabreman. Plizyè milyon Ameriken ap fè fas ak konsekans inakson sa a sou fòm ripti prensipal devastatè, polyan danjere, ak mank aksè ak dlo pwòp ki potab. Pandan plizyè ane, Mwen te fè presyon pou retabli ak amelyore enfrastrikti kache men

enpòtan sa a epi, gras ak adopsyon Lwa sou Enfrastrikti Bipatit nou an, mwen fyè pou m wè aksyon federal ki nesesè depi lontan an finalman rive nan kominate nou yo."

**Reprezantan Pat Ryan te deklare**, "Mwen fyè pou m anonse finansman enpòtan sa a ki pral ede kominate yo atravè rejon an jwenn aksè ak dlo potab ki pwòp epi bay soulajman enterè yo. Sa gen ladann plis pase dis milyon dola nan envestisman nan konte Rensselaer ak Otsego. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk patnè yo nan gouvènman eta, lokal ak federal yo pandan n ap kontinye pote rezulta pou Nouyòkè yo".

Pwojè enfrastrikti dlo yo finanse yo enkli:

#### **Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo apwouye:**

- **Otorite Finans Dlo Minisipal Albany nan Konte Albany (de pwojè) -**
  - Sibvansyon 1,875,000 dola ak 1,875,000 dola finansman akoutèm san enterè nan finansman Siplementè Jeneral Lwa Enfrastrikti Bipatit la ak sibvansyon 937,500 WIIA pou planifye, fè konsepsyon ak konstwi amelyorasyon egou pou anpeche aflik ak soti nan Rivyè Hudson pandan peryòd gwo rivyè ak gwo mare nan anbouchi yo.
  - 6,492,198 dola finansman alontèm san enterè pou konstriksyon Estasyon Ponp nan Rejon Nò Washington Avenue an ak fòse prensipal la devye ekoulman nan etablisman tretman dlo ize a nan nò Konte Albany epi redwi debòdman egou konbine nan Rivyè Hudson.
- **Vilaj Champlain nan Konte Clinton** - 2,502,000 dola finansman akoutèm san enterè ak sibvansyon 834,000 dola WIIA pou amelyorasyon dezenfeksyon ak amelyorasyon kapital nan etablisman tretman dlo ize vilaj la.
- **Vilaj Corinth nan Konte Saratoga** - 8,177,398 dola finansman akoutèm san enterè pou amelyorasyon sistèm koleksyon.
- **Otorite Dlo ak Egou nan Konte Livingston (Livingston County Water and Sewer Authority)** - finansman 7,652,105 dola alontèm san enterè pou amelyorasyon nan Izin Tretman Dlo Ize Lakeville la.
- **Vil Oneonta nan Konte Otsego** - 6,749,263 alontèm finansman san enterè pou amelyorasyon nan izin tretman dlo ize vil la.
- **Vil Wòm nan Konte Oneida (de pwojè) -**
  - 3,560,913 dola finansman alontèm san enterè pou amelyorasyon tretman solid nan etablisman kontwòl polisyon dlo solid vil la.
  - 3,116,109 dola finansman alontèm san enterè pou amelyorasyon dezenfeksyon nan etablisman kontwòl polisyon dlo a.

#### **Finansman Pwojè Dlo Potab yo apwouye:**

- **Vilaj Lowville nan Konte Lewis** - 1,333,334 dola finansman akoutèm san enterè, 2,666,666 dola finansman akoutèm nan to mache a, ak sibvansyon 3,000,000 dola WIIA pou enstale de pi rezèv dlo anba tè, kanalizasyon ak tretman transmisyon ki asosye, ak amelyorasyon nan izin filtrasyon dlo ki egziste deja nan vilaj la.

- **Vilaj Schaghticoke nan Konte Rensselaer** - 4,681,658 dola finansman alontèm san enterè pou enstalasyon novo distribisyon kanalizasyon, bòn ensandi, valv ak sèvis pou ranplase enfrastrikti ki egziste deja, yon novo tank depo dlo ki fini pou ranplase yon tank ki aje, ak yon novo enstalasyon tretman dlo pou retire fè ak manganèz nan pi vilaj yo.

New York kontinye ogmante envestisman li nan pwojè enfrastrikti dlo pwòp. Avèk apwobasyon votè yo pou 4.2 milya dola Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vét (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) nan novanm nan, gen plis nivo finansman istorik pou mete ajou enfrastrikti dlo ki aje epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezèvè espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 poustan, avèk yon objektif 40 poustan, nan resous nan kominote defavorize yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418